

Adeging

DESA NGLORO

Adeging

DESA NGLORO

Penulis	: Didik Winarno
Pendamping	: Wiyarno, SE
Editor	Wasidin Setya Pambudi
Desainer	: Wiyarno, SE Agus Sri Winarno, SE
Penata Isi	: Didik Winarno

Cetakan pertama, Mei 2018

Vii + 74 halaman

14 x 20 cm

Diterbitkan oleh

Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul, D.I. Yogyakarta.

ISINIPUN BUKU

ISINIPUN BUKU	i
PANGANDIKAN BUPATI GUNUNGKIDUL	ii
PEPELING KEPALA DINAS KEBUDAYAAN KABUPATEN GUNUNGKIDUL ..	iii
PANGANDIKAN DEWAN KEBUDAYAAN KABUPATEN GUNUNGKIDUL	iv
PANGANDIKAN CAMAT SAPTOSARI KABUPATEN GUNUNGKIDUL.....	v
ATUR PRATELAN KEPALA DESA NGLORO	vii
GEGAMBARAN DESA NGLORO	1
A. Kawontenan Alam lan pasiten.....	1
B. Wewengkon Padhusunan	3
C. Warga.....	5
D. Pamong Desa lan Lembaga Desa	8
E. Tata cara lan Budaya.....	13
F. Napak Tilas Lurah Desa Ngloro	20
ADEGING DESA NGLORO	32
MEKARING DESA NGLORO	38
CANCUT TALIWANDA.....	41
SUMBER LAN NARASUMBER.....	45
PANYERAT LAN EDHITOR.....	47

PANGANDIKAN BUPATI GUNUNGKIDUL

Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh

Pariwisata ing Kabupaten Gunungkidul samsaya kondhang kaloka mboten namung wonten wewengkon Daerah Istimewa Yogyakarta namung sampun dumugi ing Manca Nagari. Wisatawan anggenipun dumugi ing tlathah Gunungkidul sampun kathah namung ingkang Kedah dipun tambahi inggih punika dangunipun para wisatawan cumondhok wonten ing Gunungkidul. Kangge nyengkuyung pengangkah menika, masyarakat, dunia usaha ugi pemerintah Kedah nyawiji.

Buku Sejarah Desa Kanthi Basa Jawa nyariosaken Babagan sejarah dumadining desa, monografi, geografi Saha budaya ingkang wonten. Kanthi penyeratipun Buku menika saged kangge mekar ngrembakaaken dhumateng wisatawan supados langkung mangertosi Babagan Sejarah lan budaya ingkang wonten Kanthi panganan langkung kathah lan dangu wisatawan anggenipun cumondhok wonten ing Kabupaten Gunungkidul.

Sejarah dumadining desa ugi wigatos dipun mangertosi kalihan kadang wredho muda Kanthi panyuwunan bade tuwuh rasa tresna dhumateng desanipun saha tansah nyengkuyung anggenipun mbangun desanipun. Kula ndredek bingung awit sak perangkat Desa sampun kasil nyera buku, salajengipun desa ingkang dereng damel gadah krenteg enggal-enggal damel buku.

Wassalamu'alaikum Wr.Wb.

Wonosari, Mei 2019

Bupati Gunungkidul

Hajah, Badingah

PEPELING KEPALA DINAS KEBUDAYAAN KABUPATEN GUNUNGKIDUL

Assalamu'alaikum Warahmatullahi Wabarakatuh

Dinas Kebudayaan Wiwit Warsa 2017 sampun madeg dados dinas kiyambak. Jejibahan wonten ing Dinas Kebudayaan wonten gegandenganipun kalihan budaya ingkang saged nyengkuyung majengaken Pariwisata ing Kabupaten Gunungkidul. Kathah wisatawan sae saking tlatah Indonesia ugi Manca Nagari langkung remen menawi mangertosi babagan pariwisata ingkang berbudaya asli saking Gunungkidul dipun ketingalaken. Kangge nyengkuyung gegayuhan kasebat, Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul ing Warsa 2019 damel Buku Sejarah Dumadining Desa Kanthi Basa Jawa Kanthi gunggung kaleh doso buku. Awit pikantuk Rahmat lan Hidayah saking Gusti Inggang Maha Kawasa, Buku Sejarah Dumadining Desa Kanthi Basa Jawa saged kaleksanan. Mugi ing warsa salajengipun desa ingkang dereng nyerat saged enggal-enggal damel buku Kanthi panyuwunan sedaya desa ing tlatah Gunungkidul saged sedaya nyerat Buku Sejarah Dumadining Desa Kanthi Basa Jawa.

Karana panyeratan buku Sejarah Dumadining Desa Kanthi Basa Jawa saweg wiwitan, menawi wonten pamrayogi lan panyaruwe kangge kasampurnan panyerating buku punika tansah Kula antu-antu.

Wassalamu'alaikum Wr.Wb

Wonosari, Mei 2019

Kepala Dinas Kebudayaan

Drs. Agus Kamtono, MM

PANGANDIKAN DEWAN KEBUDAYAAN KABUPATEN GUNUNGKIDUL

Menawi Jum'at Lagi, 27 Mei 1831 sampun dipun tetepaken dados dinten adegipun Kabupaten Gunungkidul kanthi Keputusan Bupati Gunungkidul Nomor: 70/188.46/6/1985,14 Juni 1985, namung kemawon dumadosipun desa ing wewengkon Kabupaten Gunungkidul dereng kathah ingkang nyerat kanthi jangkep. Sanajan sampun kathah desa-desa ingkang gadhah krenteg nyerat sejarah dumadining desa, namung kandheg ing pangangen-angen kemawon, amargi winates sumbering sejarah tumrap dumadosing desa ingkang wonten.

Sasampunipun Dinas Kebudayaan madeg piyambak ing Warsa 2017, Dinas Kebudayaan wonten ing Warsa 2018 gadhah pakaryan ingkang jumbuh kaliyan pangajeng-ajengipun desa, inggih punika Bimbingan Teknis Penulisan Buku Sejarah Desa kangge desa-desa ingkang piniji kaampingan Kepala Desa sesarengan ndherek bimbingan utawi pelatihan panyerating sejarah desa. Sakawit desa pancen kawratan anggenipun nglacak cariyos menapa Malih sejarah. Namung kemawon Karana Sedaya desa gadhah krenteg lan greged murid enggalsaged damel sejarah dumadining desa, supados samangke mboten kecala lacak babagan cikal bakal desa, Sedaya desa ingkang ndherek bimbingan saged ngrampungke jejibahan panyerating sejarah dumadining desa.

Kanthi sampun wonten sejarah dumadine desa ingkang karipta piyambak saking desa, Dewan Kebudayaan saestu ndherek bingah lan ngaturaken panuwun dhumateng Dinas Kebudayaan Kabupaten Gunungkidul, ugi matur dhumateng sedaya panyerat sejarah desa. Mugi desa ingkang dereng pikantuk giliran nyerat sejarah dumadine desa, dinas Kebudayaan taksih kepareng ngampingi, saengga Sedaya desa ing kabupaten Gunungkidul mboten dangu malih kangungan sejarah dumadine desa.

Wonosari, Mei 2019

Ketua

CB. SUPRIYANTO,S.IP

PANGANDIKAN CAMAT SAPTOSARI KABUPATEN GUNUNGKIDUL

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Sagung para sutredna budaya, boten kasuoe. Kula tansah manengku puja miwah pangalembana dhumateng Gusti Allah SWT, pangeran ingkang Maha Welas Asih, ingkang tansah paring mapinten-pinten nikmat ingkang arupi punapa kemawon dhumateng kita sadaya, tempahan kita tansah kebak ing karaharjan.

Mboten kasupen uhi Kula atur panuwun ugi dhumateng para pihak ingkang mboten saged kapiji-piji Awit saking pambiyantu ugi patembayatanipun ing satemah panyerating Buku Sejarah Dumadosipun Desa punika saged mawujud Kanthi rancag lan sae Kalis ing rubeda.

Awit saking lumantar panyerating Buku Sejarah Dumadosipun Desa punika, Kula ugi caos atur:

1. Hanyengkuyung Saha tumut mangayubagya awit sampun mawujudipun riptan Buku Sejarah Dumadosipun Desa punika.
2. Kanthi Sedaya desa saged damel buku sejarah desa ing pangajap masarakat langkung mangertosi sejarah Saha langkung tresna dhumateng desa Saha cikal bakal leluhuripun.
3. Kanthi makaten raharjaning desa saged mawujud awit saking sengkut gumregutipun Sedaya kulawarga desa ndherek cawe-cawe nglestantunaken tilaran para leluhuripun.
4. Kanthi kegiatan punika kaajap dados kupiya kangge ngrembakaaken budaya nyerating buku.

Perlu kawuningan, bilih desa ing wewengkon Kecamatan Saptosari Kabupaten Gunungkidul cacah wonten 7 desa, ingkang sampun ndamel Buku Dumadosipun Desa wonten 3, inggih menika Desa Planjan, Desa Krambilsawit saha Desa Ngloro. Salajengipun ingkang dereng kasil damel buku sejarah Desa wonten 4 desa. Kanthi wonten desa ingkang sampun rampung ngripta Buku Dumadosipun Desa ndadosaken sansaya greget Saha cancut taliwanda anggenipun ndamel sejarah Dumadosipun desanipun.

Makaten saking kula kurang trep miwah wonten galap gangsuling atur
ingkang kurang nuju tansah nyadhong lumunturing sih samodra pangaksama.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Saptosari, Mei 2019

Camat Saptosari

JAROT HADIATMOJO, S. IP, M

NIP.196908241996031003

ATUR PRATELAN KEPALA DESA NGLORO

Assalaamu'alaikum Wr. Wb.

Ngaturaken puja-puji pangalembana awit saking Sih Rohmating Allah SWT ingkang sampun kaparingaken dhumateng kula lan panjenengan, mugi dados nur cahyaning gesang lan kelihatan Sedaya kawulanipun.

Nuwun, Kula awit saking asmanipun Pemerintah Desa Saha masyarakat Desa Ngloro ngaturaken maturnuwun dhumateng Pemerintah Kabupaten Gunungkidul ingkang sampun keras paring panuntun, pambiyantu panyeratan buku **ADEGING DESA NGLORA** ing warsa 2018.

Pangertosan carios-carios, kawruh seserepan ngantos dumuginging pambabaring buku punika sageta anambahi kaleresaning sejarah ingkang langkung terwaca, ingkang Handayani warga Desa Nglora manggih ayom-ayem, tata-titi-tentrem, Rahayu wilujeng, Hamemayu Hayuning Bawana. Nuwun.

Wassalamu'alaikum Wr. Wb.

Kepala Desa

HERI YULIANTO

GEGAMBARAN DESA NGLORO

“Agami Garapen...

.... Budaya Gawanen” (Sunan Kalijaga)

A. Kawontenan Alam lan pasiten

Desa Ngloro inggih menika satunggaling desa ingkang mlebet wewengkon Kecamatan Saptosari Kabupaten Gunungkidul ingkang dumung ing sisih iring kilen tlatah Gunungkidul. Tapel Wates bumi Desa Ngloro inggih menika:

1. Sisih Ler tapel Wates bumi Desa Jetis
2. Sisih Wetan tapel Wates bumi Desa kepek
3. Sisih Kidul tapel Wates bumi Desa Kanigoro
4. Sisih Kilen tapel Wates bumi Desa Krambilsawit




Photo 1 Peta Desa Ngloro

Desa Ngloro mujudaken satunggaling tlatah ingkang nggadahi tata paprentahan ingkang sah lan sampun dipun akeni dening pamarentah pusat. Desa mujudaken paprentahan ingkang anggadahi:

- 1.
- 2.
- 3.
- 4.
- 5.

Runtut kaliyan paugeran nagari, pamarentah desa nglampahi pranatan pusat lan daerah. Ingkang mekaten lembaga desa ingkang ngesuhi dhusun ugi sesebatanipun ndherek pranatan ingkang wonten.

Kawontenaning Pasiran ing Desa Ngloro mujudaken pasiten mawarni-warni. Wonten pasiten ingkang loh, pategalan, pekawisan, pareden lan sanes-sanesipun. Ing papan ingkang miring mujudaken papan ingkang kathah selanipun saged dipun ginakaken mawarni-warni kabetahaning tiyang, dene papan-papan Lebak ing perenging pareden kangge pekawisan warga. Panguawosaning pasiten ing dhusun Ngloro saged kapara-para, kadosta:

1. Pasiten ingkang dipun kuwaosi dening pamarentah desa inggih menika pasiten kas dhusun, lenggah pamong, pangarem-arem.
2. Pasiten ingkang dipun dadosaken gak warga run temurun.
3. Pasiten kagungan Dalem Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat ingkang wujud Sultan Ground (S.G.)

Wondene tebanipun Desa Ngloro ingkang kangge papan padunungan wonten cacah 746.9055 Ha. Tebih caketing papan paprentahan Desa Ngloro dumugi Kantor kecamatan Saptosari 5 KM, Kantor Kabupaten 29 KM Saha akantor pamarentah D.I.Yogyakarta 40 KM.

B. Wewengkon Padhusunan

anggenipun ngubur mboten kening dados setunggal Kedah dipun pisah ing antawisipun peranganing badan, suku dipun kubur wonten wewengkon Kanigoro katelah petilasan Tracakwojo, badanipun wonten kuburan Pule ing Ngloro katelah Simbah Lora, wondene Sirah utawi mustaka supados dipun Beta arah mengaler utawi tiyang Jawi nyebat arah Ngalor ing tlatah Paliyan Kanthi diabani ngalora-ngalora, ugi teken lan iketipun dipun kubur wonten wewengkon Kayutowo mlebet Padhusunan Gebang Desa Ngloro, engga samenika taksih dipun leluri Kanthi tetenger Simbah Jogonegoro Salajengipun katelah Jogonegoro. Ing papan wau saben Malem Jumuwah Kathah ingkang sami titakat .

Guyub rukuning warga desa mangaribawani dhateng tata tertibing lingkungan saengga saged Handayani Raharjaning masarakat.

Awit ingkang mekaten wau antawisipun lingkungan lan masarakat mboten saged kapisahaken, Karana kekalihipun tansah manunggal. Masarakat Desa Ngloro sampun kapantha dados enem pedhukuhan, nggadhahi tatacara lan adat tradisi ingkang benten.

Pamerntah ngawontenaken pedhukuhan-pedhukuhan menika mboten kangge mbenten-bentenaken satunggaling kelompok masarakat kaliyan kelompok masarakat sanesipun, ing Babagan menika kaajab Kanthi wontenipun pedhukuhan-pedhukuhan kala wau saged damel rancag lampahing paprentah saking tataran pamarentah pusat ngantos dumugi kelompok-kelompok masyarakat ingkang andhap piyambak. Pramila dhukuh anggadhahi jejibahan paring keterangan lan nuntun masyarakat tumuju dhumateng manunggaling sedya, Hamemayu Hayuning Bawana, luhuring budaya santosaning agami, bangsa lan negara. Kanthi mekaten saged langkung terwaca, bilih kawontenaning lingkungan lan masarakat ing Desa Ngloro namung satunggal, inggih menika lingkungan lan masarakat Ngloro.

Warga Desa Nglora tansah ngeluri budaya adiluhung tilaranipun para leluhur minangka ngormati labuh labet bekti lan amanah ingkang dados piwucal luhur para sepuh. Ing antawisipun kasebat sesanti;

- Crah agawe Bubrah, Rukun angawe Santosa.
- Sepi ing Pamrih, Rame ing Gawe.
- Ndhodhok Kemroyok, Ngadeg Dumrejeg.
- Rawe-rawe Rantas, Malang-malang Putung.

Sesambetan memitra Warga satunggal lan sanesipun tansah nggegulang raos mat-kinurmatan, andhap asor, lung tinukung, gotong royong, asah asih lan asuh. Agami minangka panuntuning Gesang dados landhesan, pepager, pepadhang, pengayon lan pengayem, panutun kiblating panembah dhumateng Allah SWT.

C. Warga

Cacahing jiwa ing Desa Ngloro miturut palaporan Monografi Desa Warsa 2017 kacathet:

- Jaler : 1.662 jiwa
- Estri : 1.644 jiwa
- Cacah : 3.306 jiwa

Warga kasebat kedadosan saking 736 Kepala Keluarga

1. Kelompok Umur

2. Tataran Pawiyata

NO	PAWIYATAN	JUMLAH	JALER	ESTRI
1	Mboten/Dereng Sekolah	1310	626	684
2	Dereng Tamat SD	553	283	270
3	Tamat SD/Sederajat	633	326	307
4	SMP/Sederajat	607	309	298
5	SMA/Sederajat	174	103	71
6	Diplomat I/II	9	6	3
7	Akademi /D III/ Sj. Muda	4	2	2
8	Diploma IV/ Strata I	20	9	11
9	Strata II	0	0	0

10	Strata III	0	0	0
	CACAH	3306	1662	1644

3. Pangupa Jiwa

4. pangrasuking Agami

NO	AGAMI	JUMLAH	JALER	ESTRI
1	Islam	2744	1354	1390
2	Kristen	0	0	0
3	Katholik	0	0	0
4	Hindu	0	0	0
5	Buddha	0	0	0
6	khonghuchu	0	0	0
	CACAH	3.261	1.552	1.609

D. Pamong Desa lan Lembaga Desa

Kanthi landhesan Undang-Undang Negara Kesatuan Republik Indonesia Nomor 6 Tahun 2014 ingkang ngatur babagan desa, pamerintah desa inggih menika kepala desa kaboyantun perangkat desa minangka peranganing punggawa paprentahan desa. Kepala desa minangka pangarsa pamerintah desa ingkang nggadhahi wewenang, jejibahan lan wajib nglampahaken mobah-mosihing panggulawenthah

lumampahing desanipun lan nglampahi tugas saking pamarentah pusat menapa dene pamarentah daerah.


Dene Badan Permusyawaratan Desa (BPD) minangkan bebadan utawi lembaga ingkang nindakaken fungsi paprentahan ingkang anggotanipun mujudaken wakil saking warga desa, hamakili wilayah padhukuhan.

Miturut peraturan Bupati Gunungkidul Nomor 36 Tahun 2016 ingkang ngatur babagan Struktur Organisasi lan Tata Kerja pamarentah Desa, pamarentah Daerah menika kadadosan saking.

1. Kepala Desa
2. Sekertaris Desa:
 - a. Sekertaris Desa
 - b. Kepala Urusan Tata Usaha & Umum
 - c. Kepala Urusan Keuangan
 - d. Kepala Urusan Perencanaan
3. Pelaksanaan Teknis (Kepala Saksi):
 - a. Kepala Saksi Pemerintahan
 - b. Kepala Saksi Kesejahteraan
 - c. Kepala Saksi Pelayanan

4. Unsur Kewilayahan (dhukuh)

Struktur Organisasi Tata Kerja Pamarentah Desa ing Pamarentah Desa Ngloro Kanthi Peraturan Desa Ngloro Nomor 2/2017 saged kagambaraken kados bahan ing ngandhap menika.



Dene kepala desa Saha perangkat Desa Ngloro wonten ing Warsa 2017 dumugi samenika inggih menika:

NO	ASAM	KALENGGAHAN	WIWIT NGASTA
1	Heri Yulianto	Kepala Desa	27-11-2013
2	Aris Susmanto	Sekertaris Desa	20-07-2016
3	Didik Winarno	Kaur Keuangan	20-06-2002
4	Wasidin	Kaur Perencanaan	10-08-2002
5	Sutinah	Kepala Urusan TU & Umum	13-07-2012
6	Supardoyo	Kepala Seksi Pemerintahan	11-04-2017
7	Nugraha Siswantoro	Kepala Seksi Kesejahteraan	13-07-2016
8	Mukardi	Kepala Seksi Pelayanan	13-07-2012
9	Sugiyono	Dhukuh Ngloro	10-07-1999
10	Partinem	Dhukuh Pule	14-08-2002
11	Sukadi	Dhukuh Karangnongko	13-07-2002
12	Suyono	Dhukuh Gebang	10-12-1990
13	Sarwoto	Dhukuh Tekik	03-11-2008
14	Suparno	Dhukuh Pringsurat	03-01-1987
15	Supriyadi	Staf Kasi Pelayanan	10-07-1999
16	Anung Sujono	Staf Kaur Pamarentah	14-08-2008

17	Dahlan Susanto	Staf Kaur kesejahteraan	20-07-2016
18	Yuwono	Staf Kaur Perencanaan	20-07-2016
19	Karjono	Staf Kasi TU & Umum	14-08-2008

Masa jabatan kepala Desa inggih menika 6 (enam) taun, dene Pamong utawi Perangkat Desa dumugi yuswa 60 (sewidak) taun.

Kangge nuhoni kawajiban ngasta Pamarentahan Desa, Kepala Desa Ngloro kabiyant Perangkat Desa ugi anggadahi Lembaga Desa ingkang kawajibanipun biantu Pamerintah Desa Ngloro, Antawisipun,:

1. LPMD : 1 lembar
2. LPMK : 6 lembaga (6 padhukuhan)
3. RW : 6 lembaga (6 padhukuhan)
4. RT : 27 lembaga
5. PKK : 1 lembar
6. Karang Taruna : 1 lembar
7. LPBDesa : lembar
8. PTPUP : lembar

Lembaga pemberdayaan Masarakat Desa (LPMD), Lembaga Pemberdayaan masarakat Padhukuhan (LPMP), Rukun Warga (RW) lan Rukun Tetangga (RT) menika lembaga baken desa. PKK lan Karang Taruna kejawi Dumadosipun kaatur dening peraturan desa, ugi anggadahi pranata piyambak miturut pranatan pamarentah sanesipun. Kejawi PKK Saha Karang Taruna Desa, ugi kadamel PKK saha Sub Unit Karang Taruna Padhukuhan.

Ing Desa Ngloro sinaosa dereng wontenipun Lembaga Pelestari Budaya Desa (LPBDesa) namung Sedaya kabudayan sampun dipungulawenthah Kanthi sae, antawisipun Babagan adat tradisi utawi

tatacara, olah seni, basa lan sastra, saha sanes-sanesipun kalebet petilasan-petilasan.

E. Tata cara lan Budaya

Warga masarakat Desa Ngloro tansah ambudidaya Saha ngleluri tatacara lan budaya warisan leluhuripun. Tatacara lan kebudayaan kala wau inggih menika ingkang anggadhahi piwucal kasaenan tumraping gesang ing antawisipun.

I. Adat lan Tatacara

1)

2)

3)

4)

5)

6)

7)

8)

b. Tatacara

1)

2)

3)

4)

11)



Photo 2. Pagelaran Ringgit Wacucal Ki Suharno.SSn

b. Dolanan Tradisional

- 1) Gobag Sodor
- 2)
- 3)
- 4)
- 5)
- 6)
- 7)
- 8)
- 9)

III. Basa, Sastra lan Aksara

a. Basa

- 1) Sesorah Pranatacara
- 2)
- 3)
- 4)
- 5)
- 6)
- 7)
- 8)
- 9)

b. Sastra

Panembrama

Macapat

Geguritan

Kapustakan Jawi wujud buku-buku

Sekar Ageng

Dongeng lsp.

c. Aksara

- 1) Seratan Papan Pituduh
- 2) Seratan Papan Ruwangan
- 3) Sengkalan
- 4) Sekolah
- 5) Pasinaon ing Sekolah

IV. Kuliner, pengobatan Tradisional, lan Pakaryan

a. Kuliner

1) Masakan Camilan

2) Segi Liwet, Segi Wuduk

3) Sambel Pecel, Ingkung, Gudeg, Iwak Kali, Sayur Lombok.

4) Wedang Sere, Wedang Jahe

5) Jamu Unjuk, jamu klomot



Photo 3. Adat Kenduri Rasulan Dhusun Ngloro

Anggenipun ngracik lan masak warga Desa Nglora taksih ngginakaken sarana lan ngleluri budaya warisan leluhuripun taksih ngangge kajeng utawi kayu bakar, anglo, lemper munthu saking kayu utawi sela, kendhil lempung lan sanes-sanesipun.

b. Pakaryan

Pakaryan sanesipun ingkang lestantun ing Desa Ngloro minangka warisan leluhuripun antawisipun kaprigelan saking deling ingkang awujud anyam-anyaman tenggok, tampah, kukusan, kepang, gedheg, lan sanes-sanesipun. Seperangan warga ugi nglestantunaken kaprigelan pepethan saking sela ingkang awujud Pawon, tegel, lan sanes-sanesipun. Kejawi pakaryan Kanti hasil kaprigelan menika, saperangan alit warga masarakat ugi makarya minangka tukang kayu sahatukang batu ingkang damel griya, piranti bale griya utawi mebel kan sanes-sanesipun.

Dene pakaryan sanesipun ingkang minangka kemajenganing jaman ingkang dipun ayahi warga Desa Ngloro, kadhos kaserat wonten ing seratan ngajeng.

V. Warisan Budaya lan Arsitektur

a. Warisan Budaya

Tosan Aji wujud keris, tombak, patrem, pedhang,
Luwuk, kujang, akik utawi batu mulia.

Petilasan Jogonegoro

Pasiten Sultan Ground

Ringgit Wacucal

Gangsa

b. Arsitektur

- 1) Tugu Elar Badhak
- 2) Wagunan Pesarean arupi cungkup, maejan
- 3) Masjid Kanti wujud joglo lan limasan
- 4) Griya warga awujud joglo, Limasan, litring
kampung

5) Wangunan Kantor Kepala Desa



Photo 4. Griya Joglo Bale Desa Ngloro

F. Napak Tilas Lurah Desa Ngloro

Sasampunipun dipun titipriksa ugi makaping-kaping dipun wonteni pirembagan Babagan Napak tilas lurah ing Desa Ngloro, ugi miturut pangandikan para pinisepuha lan sesepuh bilih ingkang ngasta lurah wonten ing Desa Ngloro inggih menika

1. LURAH DEMANG NGATEMO SENTONO

Kangge ngladosi kabetahaning warga cekap wonten Griyanipun jalaran dereng nggadahi bale desa ingkang dumung wonten Padhukuhan Ngloro. Dene labuh labetipun mboten saged dipun mangertosi utawi mboten cetha.

2. Kaping Kalih Lurah Bekel Mentoikromo saking Pule

Anggenipun nyambut damel kabiyantu dening Jagabaya, mirudha, kamituwa, kaum, bayan. Kangge ngladosi para warga panjenenganipun nyepeng paprentahan boten dangu jalaran dipun dakwah minangka duratmaka ngantos njalari sedayanipun. Perlu kawuningan bilih anggenipun pados pala kapendhem wujud uwi ing wana kelis wau badhe kangge nyekapi kabetahan tetedhan kadang warga. Wondene tenggala. Menika lurah Bekel Mentoikromo boten saged dipun ngantos samenika.

3. LURAH RONO TARUNO (1916-1920)

Kangge ngladosi kabetahan warga dipuntundakaken wonten dalemipun piyambak ing Dhusun Tekik amargi dereng nggadhahi bale desa. Dene karyanipun Lurah Rono Taruno ageng menggahing warga Desa Ngloro, anggenipun ngasta kirang langkung sekawan taun saking 1916 dumugi 1920. Panjenenganipun mboyong punjerinh paprentahan saking Dhusun Tekik dhateng Dhusun Ngloro, miturut pangandikan pinisepuh wonten ing dinten Senen Pon Wulan 5 Rejeb 1846 jawa, 8 Mei 1916 Masehi, 1334 Hijriah. Salajengipun Lurah Rono Taruno kondur lan seda wonten Karangduwet wewengkon Kecamatan Paliyan, dene garwanipun taksih wonten Tekik ngantos seda kan dipun sarekaken wonten ing pakuburan Gebang.

4. LURAH MARDI DARMO (1920-1947)

Lurah Mardidarmo sampun pilihan menawi biting. Utawi pilihan saking wakil warga masarakat. Anggenipun ngayahi jejibahan kabiyantu dening Carik, Kamituwo, Jagabaya, Kaum, Mirudha, perabot. Lurah Mardidarmo nggadahi watak lan pemanggih ingkang kiat, ugi angajengaken perkawis ingkang kedah sregep ing ndamel, kaesthi ing penggalih, kawendhar ing lathi kababar ing tumindak dhumateng sinten kemawon ngantos kathah warga ingkang nyebat Lurah Dongkol.

Rikala semanten anggenipun ngladosi kabetahaning warga wonten ndalemipun piyambak, Karna dereng nggadahi Balai Desa, namung sementena Sedaya mlampah Kanthi sae sinaosa labuh labetipun dereng saged cetha.



Photo 5. SAREYAN LURAH MARDI DARMO

5. MARGONO (1947-1950)

Namung karena anggadhahi kaprigelan saha ngelmu
Inkang pinunjul lan mumpuni, Lurah Margono mboten Saged
kacepeng. Watawis taun 1951 mboten wonten warga saha
sedherek utawi magersari ingkang mangertosi kawontenanipun
Lurah Margono,miturut carios piyambakipun gesang wonten ing
wewengkon Kroya,Cilacap ngantos dumugi sedanipun.

6. KARTO WIYONO (Watawis 1951 - 1988)

Sasampunipun Lurah Margono kesah tanpa wonten
kabaripun, Mardi Darmo ingkang rikala semanten sampun
mboten dados Lurah, ngajengaken pemanggihi ugi panyuwunan
dhateng kapanewon Paliyan, supados ingkang ngasta Lurah
inggihi menika rayi ipenipun, ingkang asmo Karto Wiyono.

Kapanewon saged nayogyani penyuwunan menika, lajeng
kirang langkung taun 1951, Karto Wiyono dipun tetepaken
dados Lurah Ngloro. Anggenipun ngasta panguwaos, Lurah
Karto Wiyono kabiyantu pinten-pinten punggawa ing
antawisipun;

-

-

-

-

-

-

-

- 1) Karto Sentono minangka prabot Dhusun utawi dhukuh Ngloro, dipun gantos Toikromo kalajengaken Sudirojo ngantos taun 1999
- 2) Dipo Joyo minangka prabot Dhusun utawi dhukuh Pule, dipun gantos Saiyo ngantos taun 2000
- 3) Tomo Wiryo minangka prabot Dhusun utawi dhukuh Karangnongko, dipun gantos Kasmu Diryo ngantos taun 2000

- 4) Hardjo Sentono minangka prabot Dhusun utawi dhukuh Gebang, dipun gantos Sutomo ngantos taun 1998
- 5) Sosro Arjo minangka prabot Dhusun utawi dhukuh Tekik, dipun gantos Marwanto kalajengaken Tuwasdi ngantos taun 2007
- 6) Parto Duriyo minangka prabot dhusun utawi dhukuh Pringsurat, ngantos taun 1997

-

Watawis taun 1988, Lurah Karto Wiyono sampun rumaos sepuh, pramila lajeng nyuwun kendel anggenipun ngasta paprentahan, saengga Bapak Suyitno minangka carik dipun angkat dados penjabat Kepala Desa Ngloro.

Lurah Karto Wiyono seda taun 1998 dipun makamaken wonten pasarean Pule.



Photo. 6 sareyan Lura Kartowiyono

7) Sungkono (1989 - 1998)

Kajawi ngasta paprentahan Lurah Sungkono ugi nggadhahi kesagedan dados dhalang, pramila babagan olah seni budaya saged ngrembaka kanthi sae.

Ewah-ewahan Desa Nglora dipun gantos dados Desa Ngloro adhedhasar Peraturan Pemerintah Nomor 23 Tahun 1995 tentang Pembentukan 2 Kecamatan di Wilayah Kabupaten Dati II Gunungkidul dalam wilayah DIY wonten ing pasal 2 ayat (1).

Panjenenganipun nglajengaken program-program ingkang sampun dipun tata rakit saking lurah saderengipun, ing antawisipun ngrampitaken sarana kangge kantor desa, ugi bikak pasar desa Ngloro ingkang mendhet dinten Pekenan Legi, Ngantos dumugi sapunika lumampah kanthi sae tegesipun saya majeng.

10) Heri Yuliyanto (2013-2019)

Sadaya warga masarakat saged guyub rukun mbandhol krompol saiyeg saeka kapti. Kanthi ayem tata titi tentrem kangge mbangun mekaring Desa Ngloro.

Saperangan ingkang saged kula aturaken wiwit ngasta punjering Desa Ngloro penjenengani un Bapak Heri Yuliyanto antawisipun:

1. Ndandosi wosing paprentahan mliginipun nertibaken para perangkat desa anggenipun makarya saestu saged nyengkuyung kemajengan Desa Ngloro.
2. Nengenaken program pembangunan desa wujud damel pagar lingkungan ing sakanan keringing margi aspal.
3. Yasa Gapura Sugeng Rawuh lumebet wewengkon Desa Ngloro, Jalan Usaha Tani, margi wewengkon desa, selokan.

4. Nengenaken Pajak Bumi lan Bangunan wiwit warsa 2014 ngantos sapunika.
5. Babagan kemajengan perkawis agami ugi langkung sae katimbang sakderengipun ing malem riyaya lomba takbir Sedaya papan pangibadahan.
6. Ing warsa menika dipun wonteni sertifikat pasiten sedaya warga utawi sertifikat masal.
7. Yasa Buku Sejarah Berbahasa Jawa Adeg ing Desa Ngloro.
8. Ing warsa 2018 saged ngawontenaken program pamarentah RTLH utawi Rumah Tidak Layak Huni, griya ingkang dereng kaanggep cepak dhateng 100 warga masarakat.
9. Miyaraken margi ageng ing wewengkon Desa Ngloro tembayatan kaliyan Dinas Pekerjaan Umum Gunungkidul.

Dene Pak Heri Yuliyanto anggenipun ngasta Kepala Desa Ngloro wiwit taun 2013 kabiyantu dening punggawa inggih menika

Supardoyo minangka Kasi Pemerintahan.

Mukardi minangka Kasi Pelayanan.

Sutinah Umum minangka Kaur Tata usaha dan umum

Nugraha Siswantara minangka Kasi
Kesejahteraan.

Wasidin minangka Kaur Perencanaan

Didik Winarno minangka Kaur Keuangan.

Sugiyatno minangka Dhukuh Ngloro.

Partinen minangka Dhukuh Pule.

Sukadi minangka Dhukuh Karangnongko.

Suyono minangka Dhukuh Gebang

Sarwoto minangka Dhukuh Tekik.

Suparno minangka Dhukuh Pringsurat.

Supriyadi minangka staf Seksi Pelayanan

Anung sujono Pemerintahan minangka staf seksi
Pemerintahan

Dahlan Susanto minangka staf seksi
kesejahteraan

Yuwono minangka Staf Urusan Keuangan

Karjono minangka Staf Tata Usaha dan Umum

Mekaten kawontenanipun para punggawa Desa Ngloro
ingkang dipunsuhi Panjenenganipun Bapak Heri Yuliyanto.
Kanthi sampun wontenipun irah-irahan wekdal adeging Desa
Ngloro menika mila ancasipun badhe dipun kepyakaken
dhateng sedaya warga.

ADEGING DESA NGLORO

Rikala jaman semanten Kanjeng Sunan Kalijaga anggenipun tindak siar agami ngradinaken agami Islam kanyata tebanipun radin dumugi saindenging bumi tanah jawa ugi anggadhahi sekabat lan murid sakalangkung kathah ing pundi panggenan, kalebet Ki Lora saking Mbatur ing samangke kalebet kukuban Nglora.

Ki Lora ingkang tansah anggegulang dhateng seserepan olah tapa brata lair tandhesing batos saengga si Ki Lora priyagung ingkang pinunjul minangka cikal bakal. Pramila boten mokal menawi Ki Lora ugi kagungan cantrik utawi siswa ing antawisipun; Ki Prabu, Ki Mangun Dilogi, Ki Amat Sayekti, lan Ki Kasan Muhammad.

Rikala semanten sinten kemawon menawi medal margi sangajengipun pasareyan Ki Lora, umpami nitih turangga boten mandhap mesthi dhawah, menawi peksi ingkang mabur sanginggiling pasareyan badhe tiba ugi.




Photo 7 pasareyan Ki Lora

Sedaya sami ngudi ilmu dhateng Ki Lora anggegulang seserepan sedaya babagan paugeraning tiyang gesang ing alam donya, ugi olah

kebatinan tapa brata, mesu raga. Sedaya dipun udi amrih saged nggayuh kasampurnaning dumadi bebasan ora tedhas tapak paluning pandhe sisaning gurinda.

Nalika semanten Ki Lora ngempalaken cantrik sekawan sami pirembagan. Papan ingkang kangge pirembagan menawi rejaning jaman kangge papan panggenan karang pradesan dipun sebut Padhusunan Pule tegesipun kangge kumpul tiyang kang linuwih.

Nalika Ki Lora mlampah tumuju ngidul ngetan dipun dherekaken abdi utawi batur, pramila papan kang sumene lan pirembagan kawastanan dhusun Mbatur. Sajengipun nglajengaken lampah tumuju arah kilen lajeng sami kendel wonten sangandhaping Wit Tekok. Ki Lora pangandikan benjang wonten rejaning jaman papan menika dipun sebat Padhukuhan Tekik. Salajengipun nerasaken lampah tumuju arah kidul wonten ing mriku manggihi dlancang ingkang wonten seratanipun sajroning dhapuran pring Pramila papan kasebat ing samangke katelah Padhukuhan Pringsurat.

Lampahipun Ki Lora sapendherek salajengipun tumuju mengaler lan kendel ing sangandhaping wit Bang ageng lajeng ngendika papan menika dipun paring tetenger Padhukuhan Gebang. Sasampunipun lajeng mlampah mengaler kendel wonten sangandhaping wit nangka ing sacelaking sela karang mila lajeng papan menika dipun sebat Padhukuhan Karangnongko. Lampahipun dipun terasaken tumuju mengaler lajeng mesanggrah sawatawis wonten ing tlatah Kayu Apak tumunten pirembagan babagan badhe damel langgar.

Wonten sumber sanes inggih menika Bapak Sumitra ingkang ngendikaken bilih rumiyin wonten sekabat ngakenipun kalebet siswa Kanjeng Sunan Kalijaga ugi tumut rembagan anggenipun badhe damel langgar prayoginipun damel mustaka saking siti, sami sarujuk saengga mendhet siti saleripun Tlaga Ngloro. Sasampunipun siti kapendhet, dumadakan dados goa katelah Goa Tritis, dumugi samenika salebeting Goa wonten sela ingkang laras ungelipun gamelan. Ugi ing papan menika saged

kangge tapa brata, sasintena kemawon tiyang ingkang sami nggulawenthah olah kanuragan.

Sasampunipun damel mustaka, namung langgaripun dereng wonten, pramila mustaka katilaraken wonten ing Kayu apak sanggandhaping wit ringin ingkang dumugi samenika taksih dipun uri-uri mliginipun nalika dinten Jemuwah Pon dipun wonteni rasulan padhukuan Ngloro, sadaya warga masarakat sami besem dupa ratus wonten ing papan kasebat.

Mustaka Langgar ingkang dereng siyos kapasang, rikala Mataram Ngayogyakarta Hadiningrat kaasta Panjenanganipun Igkang Sinuhun HB IX mustaka kasebal dipun boyong lan dipun simpen wonten ing gedhong pusaka Prabayeksa pertapan Kembang Semampir ing Gunung Mahenaka tlatah Girisekar, Panggang.

Nalika mustaka menika wonten ing gedhong pusaka dipun colong sawenehing tiyang lajeng dipun pecah. Eloking kawontenan tiyang ingkang nyolong lan mecah mustaka kasebat nemahi edan lan mboten mantun ngantos sapejahipun.

Katiyasan Ki Lora kondhang kawentar, ngantos kapireng manggalapraja Kraton Mataram Ngayogyakarta Hadiningrat. Pramila sinuwun utusan nimbali Ki Lora supados marak sowan. Karana nalika semanten Ki Lora nembe pirembagan babagan anggenipun badhe damel langgar Ki Lora mboten purun sowan. Pepuntoning rembag dados pasulayan lan bandayuda saengga Ki Lora dumugining pralaya, Eloking kawontenan saben-saben Ki Lora pralaya saged gesang malih. Karana kasunyatan kados makaten pramila utusan saking Kraton ngrekadaya bilih raganipun Ki Lora dipun potheng-potheng, suku piyambak, badan saka gembungipun piyambak, ugi mustakanipun piyambak, kanyata taksih saged wangsul wetah malih. Pramila lajeng anggenipun metak kedah dipun pisah-pisahaken lan ing antawisipun perangan- perangan raganipun Ki Lora dipun petak kedah kapisahaken lepen. Pametaking layon suku wonten ing wewengkon klumpit Kanigoro katelah petilasan Tracakwojo kalajengaken mlampah mengaler metak badanipun wonten ing tlatah Pule, lajeng

mengalor malih metak mustakanipun wonten ing tlatah Paliyan. Karana pametaking Ki Lora dipun wiwiti saking kidul mlampah mengaler kanthi dhawuh; "ngalora "....."ngalora"! . mila wewengkon kasebat katelah Desa Nglora.

Sasampunipun Ki Lora seda, Ki Prabu, Ki Mangundilaga, Ki Amat Sayekti, Ki Kasan Muhammad, sampun mangertosi lelampahan kala wau sami prasetya manunggal golong gilig tetep nyawiji ngrungkebi bapa gurunipun mapan ing Nglora, wonten ing Kayu Apak ingkang wekdal menika dipun dadosaken Taman Desa Kayu Apak Nglora. Kapitadosipun masarakat Nglora bilih Ki Prabu, Ki Mangun Dilog, Ki Amat Sayekti, Ki Kasan Muhammad sami muksa nanging mapanipun wonten Kayu Apak sangandhaping Wit Ringin ageng.

Ugi wonten cariyos sanes saking Bapak Pawiroijoyo sasampunipun Ki Lora seda mustakanipun dipun bekta dhateng Kraton Mataram dening prajurit. Dumugi ing kratoa l a l a l a l a l a



Photo 8 Petilasan Kyai Jogo Negoro (Jonegora)



Photo 9 Pasiten Bumi Ngloro



Photo 10 Papan Mustaka Langgar Yasan Ki Prabu



Photo 11 Petilasan ing wewengkon Kayu Apak

MEKARING DESA NGLORO

Desa Ngloro mengkoni bumi tilaranipun leluhur ingkang sami babat alas ing rikala semanten tebanipun kirang langkung 746.9055 Ha, dados papan panggenan lan panggesangan warga Ngloro.

Bumi Ngloro kedah dipun jagi kelestantuanipun, supados bumi Ngloro dados desa ingkang ayom-ayem, tata titi tentrem, gemah ripah loh jinawi, kerta raharja.

Miturut cathetan wiyaring papan panggenan langkung ciut katimbang alas utawi wana.



Photo 12 Siti Pareden

Para pinisepuh ing rikala semanten sampun samin ngengremg nyawisaken papan kangge kabetahaning warga lan sato kewan. Kanthi mekaten bumi Desa Ngloro tansah kajagi kelestantuanipun supados murakabi kabetahaning ngakathah.

Pasiten ingkang cengkar dipun angge papan panggenan warga utawi bale wisma, dene papan-papan ingkang andhap lan subur dipun ginakaken kangge olah tetanen.

Salajengipun warga samya sengkut gumregut damel margi ageng minangka sarana tumuju dhusun satunggal lan sanesipun, supados asiling olah tetanen saged kabekta wangsul kanthi gampil.



Photo.13 Salah satunggaling Pasiten Tani Desa Ngloro

Wewangunan griya ingkang kangge papan panggenan saperangan ageng taksih angginaaken kajeng lan saperangan alit angginaaken deling. Dene wujud griya ingkang taksih dipun lestantunaken punika :

- Griya Kampung
- Griya Joglo
- Griya Limasan
- Griya Gandhok

- Griya Lintring
- Griya Pacul Gowang
- Cere gancet




Photo.14.Griya Limasan

Peranganipun bale griya ugi wonten Pan-papan sesebatanipun, ing antawisipun;

- 1.
2. Senthong minangka papan nyimpen wulu wetuning tetanen
3. Patileman minangka papan kangge tilem
4. Pawestren minangka papan kangge ngaso lan kangge ngracik dhaharan
5. Dalem ageng minangka papan pirembagan keluarga
6. Pendhapa minangka papan kangge nampi dhayoh
7. Kuncung minangka papan kangge ngenggar-enggar penggalih
8. Pakiwan minangka papan kangge paturasan utawi bebucal

CANCUT TALIWANDA

Sasampunipun kita mangertosi isining sujarah dumadine Desa Ngloro, mugiya saged kangge tambahing pangertosan tumrap warganing masarakat Ngloro. Supados saged nglestantunaken kawruh lan budaya adiluhung para leluhur ingkang kebak piwucal, ing antawisipun:

- Lampah prihatos saha niyat lan tekad Ki Lora dalasan kaluwarga babat alas damel desa kangge papan panggenan lan panggesangan tedhak turun salajengipun.
-
-
-

Kados pundi lampah lan tata cara anggenipun badhe anindakaken wonten ing madyaning masarakat Ngloro, sa punika minangka andeling kapitadosan dhumateng dhiri pribadinipun piyambak, ugi gesang sesrawungan minangka masarakat ingkang anggadhadi "raos handarbeni lan hangrukebi Desa Ngloro. Kanthi raos handarbeni lan hangrukebi, kita tansah emut dhumateng mula-dumadining desa, ingkang wekdal salajengipun estu-estu minangka papan sae kanggenipun sedaya warga.

Inggang mekaten wau mugi-mugi Gusti Allah, SWT paring pangayoman dhumateng kita sedaya, mahanani Desa Ngloro kalis ing bebaya, lestantun salajengipun. Minangka panggugah batos, saiyeg saeka kapti sesarengan sami nindakaken lampah kautamen, tumuju karaharjaning gesang kanthi sesanti CANCUT TALIWANDA.

"... Para mudha aja ngungkurake kawruh kang nyata, amrih karya ungguling bangsa lan bisa gawe rahayuning sasama..."

(Soeharto, Jenderal TNI)

Suraosing tembung CANCUT TALIWANDA mengku teges enggal cekat cekat nindakaken jejibahan muhung dhumateng ingkang paring dhawuh kanthi jujur, temen lan ikhlas. Watak satriya menawi makarya mawi lampah lan patrap mendhak, manungkul, mantheng, mantheleng.

Ing Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat para abdidalem sami ngagem sesanti Sawiji, Greget, Sengguh, Ora Mingkuh. Dene andharan kasebat langkung jangkepipun saged dipun waos ing Pawiyatan Abdidalem Karaton Ngayogyakarta Hadiningrat.

Lampah CANCUT TALIWANDA saged dipun suraos mawi adeging aksara, inggih punika ;

C = CARA

Kangge panggigah gumreguting warga tumandang karya mbangun desa kanthi lampah ingkang mumpuni kedah mawi murakabi cara saengga saged murakabi

A = ANTUK

Kawontenan warga desa ingkang kacekapan kabetahaning Gesang lahir batin kanthi kaprigelanipun nggarap bumi ingkang subur gemah ripah, lohjinawi, tuwuh tanpa tinandur murah tanpa tinumbas, waradin sedaya warga sami pikantuk rahmating Gusti.

N = NARIMA

Kawontenan ingkang dumados ing Desa Ngloro sedaya kedah sami narima ing pandum.

C = CAKET

Amrih sedaya pangangkah saged kasembadan sedaya masarakat lan pangarsaning praja kedah caket saha manengku puja dhumateng Gusti

ingkang murbeng dumados miturut kapitadosanipun piyambak-piyambak saha netebi paugeran ingkang wonten.

U = URIP

Ombak-umbuling gesang lan swasana sawung warga masarakat tansah nengenaken tuntunan agama minangka landhesan utawi pikukuh ngolah akal budi kangge nggayuh kasampurnaning urip, berbudi bawa leksana, ngudi sajatinings becik, mujudaken warga masarakat tansah urip aman, adil makmur kanthi warata.

T = TINATA

Swasana masarakat ingkang tansah ngugemi pranatan saengga saged nyengkuyung gesang patembayatan, mat-kinurmatan, lung-tinulung, gotong-royong, guyub-rukun, tumuju masarakat ayom ayem tata titi tentrem, tebih saking rubeda nir ing sambekala.

T = TINULAD

Perabot Desa Ngloro lan pangarsaning warga kedah saged tinulad dening sedaya masarakat.

A = AGUNG

Kanthi ngagungkaken asma lan panguwaosing Gusti Inggang Maha Agung sinartan pambudidaya masarakat ndadosaken Desa Ngloro langkung kuncara lan misuwur.

L = LUMINTU

Menawi sedaya pedamelan dipun tindakaken Kanthi ajeg lan temata gegayuhanipun saged kasembadan.

I = IMAN

Kanthi lelandhesan kapiladosan dhumateng panguwaosing Gusti Inggang Murbeng Dumados handayani sedaya warga sami guyup rukun bandhol ngrompol saiyeg saeka kapti tumuju kasampurnaning gesang.

W = WASPADA

Sedaya pakaryan tansah katindakaken kanthi mulad dhateng pranatan, paugeran, lan tinarbuka ing antawisipun para pangembating praja dalah masarakat sarta tansah waspada dhateng sedaya perkawis ingkang badhe damel risakipun pranatan lan paugeran.

A =ANDHAP ASOR

Tansah ngugemi lampahing gesang ingkang nengenaken sipat andhap asor, lembah manah, tepa salira, lan prasaja ingkang mujudaken paugeraning ngagesang.

N = NGREMBAKA

Ing pangajab jumbuh kaliyan wasiyatipun para leluhur Desa Ngloro sedaya kemajengan ingkang sampun kagayuh sageda ngrembaka lan murakabi dhumateng panggesanganipun sedaya warga.

D =DARMA

Adeging Desa Ngloro sedaya warga saged nampi pralampita ingkang sampun ginaris, ingkang mahanani jejeg, sembada, lahir tandhesing batos ugi nengenaken kautamen minangka darmaning kawula dhumateng ngarsanipun Gusti.

A = AMOT

Sinaosa bumi Desa Ngloro tebanipun mboten wiyar awit saking pambudidayanipun sedaya warga mahanani saged nyekapi utawi amot Sedaya kabetahan gesang lan panggesangan.

SUMBER LAN NARASUMBER

Pawiro ijoyo (70) sesepuh Dusun Pule

Sumitro (69) tokoh masyarakat

Suyitno (67) Mantan Sekdes Desa Nglora

PANYERAT LAN EDHITOR

DIDIK WINARNO



Lahir ing Nglora 06 Nopember 1961,nate honorarium wonten Dinas Pekerjaan Umum Kabupaten Gunungkidul 1982- 1990, lajeng pendamping PDMDKE,Pendamping PKK dangunipun Pitung Warsa(1995- 2002), dados Kaur Keuangan Desa Ngloro wiwit 2002 ngantos sapunika, pidalem ing Karangnongko RT 10/ RW 03 Desa Nglora Kecamatan Saptosari Gunungkidul. Didik Winarno kalebet tokoh seni budaya ing wilayah Desa Ngloro. Kagungan garwa asma Rasmini, peputra cacah tiga inggih punika Fajar Budiyanto, Asri Widayati, S.Pd, lan Rudi Yulianto.

PANYERAT

WIYARNO, S.E.



Lahir ing Ngloro, Tgl 1973 tamat sina STIE Yogyakarta, nate minangka Ketua Karang Taruna Desa Ngloro, Ketua BPD rikala Kepala Desa Bapak Mardiyono, makarya GIRI ARTA SYARIAH ngantos sapunika, pidalem ing Padhukuhan Ngloro RT 02/RW 01 Desa Ngloro Kecamatan Saptosari Gunungkidul Yogyakarta.

EDITOR

1. WASIDIN
2. SETYA PAMBUDI Mijil wonten Gunungkidul, 21 April 1986, mapan wonten ing Kebondowo Wetan 013/004, Pampang Paliyan.
3. DIDIK WINARNO

Lahir ing Nglora 06 Nopember 1961,nate honorarium wonten Dinas Pekerjaan Umum Kabupaten Gunungkidul 1982- 1990, lajeng pendamping PDMDKE,Pendamping PKK dangunipun Pitung Warsa(1995- 2002), dados Kaur Keuangan Desa Ngloro wiwit 2002 ngantos sapunika, pidalem ing Karangnongko RT 10/ RW 03 Desa Nglora Kecamatan Saptosari Gunungkidul. Didik Winarno kalebet tokoh seni budaya ing wilayah Desa Ngloro. Kagungan garwa asma Rasmini, peputra cacah tiga inggih punika Fajar Budiyanto, Asri Widayati, S.Pd, lan Rudi Yulianto.

DESAINER

1. AGUS SRI WINARNO,SE
Lahir ing Sleman, 2 Juni 1981 lan mapan ing Gading 2 008/002 Gading, Paliyan, Gunungkidul.